



Pwogram Sibvansyon enklizif – Opòtinite Finansman 2023 / Rapò Pwogram Sibvansyon

Chè Benefisyè,

Ozanviwon mwa Mas 2023, biznis ou te resevwa yon Sibvansyon Massachusetts Growth Capital Corporation (MGCC) nan pwogram Sibvansyon enklizif 2023, ki te pèmèt pou itilize lajan yo pou ede biznis yo pandan pandemi an.

Biznis ou ta dwe ranpli rapò a, ki disponib nan kont Submittable ou, pou anrejistre rezilta ak benefis yo reyalize gras a fon sibvansyon MGCC yo.

Dat limit pou soumèt rapò yo se [4 Mas 2026](#).

Ranpli rapò sa a se yon kondisyon pou resevwa Sibvansyon 2023 nan Pwogram Sibvansyon enklizif la. Si ou pa bay enfòmasyon yo mande yo, biznis ou pap kalifye pou lòt opòtinite finansman ak MassDevelopment. MassDevelopment ka mande tou pou remèt sibvansyon an si biznis ou pa bay rapò yo mande a. Gade Seksyon 4A ak 7 nan Akò Sibvansyon Pwogram Sibvansyon enklizif 2023 a.

MGCC te konbine legalman ak Divizyon Growth Capital nan MassDevelopment, Ki kòmanse aplike depi 18 Fevriye 2025. MassDevelopment pran an chaj pwogram sibvansyon ak akò MGCC ki te egziste deja.

Si ou gen nenpòt pwoblèm teknik sou Submittable, tanpri [vizite Sant Èd la](#) oswa [voye yon tikè sipò](#).

Sensèman,
MassDevelopment

Èske w gen difikilte pou jwenn fòm rapò a?

1. Pou jwenn fòm yo mande a, konekte nan kont ou itilize adrès imel ou te itilize lè w te fè soumèt la okòmansman: [Konekte nan Submittable](#)
2. Asire w ou sou paj Soumisyon yo, epi ale nan onglet “All Submissions” a. Apre sa, klike sou tit la (non biznis la) nan soumisyon w lan.

3. Si ou pa wè soumisyon ou ap chèche a, asire w ou konekte nan Submittable ak adrès imel ou te itilize pou kreye kont ou a. Ou ka verifye sa lè w klike sou inisyal ou nan kwen anlè adwat la.
4. Apre sa, klike sou onglet “Forms” la epi sou bouton ble “Open” oswa “Continue” a pou wè fòm ki gen tit “**Inclusive Grant Program’s 2023 Funding Opportunity Grant Report**” epi swiv enstriksyon yo.
5. Asire w ou soumèt fòm ou a lè ou fin ranpli li.